

Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM KI PI KONPLÈ NAN NASYON AN POU
RETABLI ABITA AK DLO NAN TOUT YON ETA**

***Li entwodui Inisyativ "Ranime Manman Lanati" lan pou retabli abita lanmè ak dlo
dous vital nan tout eta a - nan kad yon pwogram konsekan yo pral revele nèt nan
Diskou sou Eta Leta 2020 an***

***Li lanse inisyativ la avèk deplwaman plizyè milye zuit nan Rivyè Hudson lan pou
ranfòse efò Eta a ap fè kounye a pou retabli dlo yo nan Vil New York***

***Gen 2.88 milyon dola ki pral soutni pou yo lage plizyè milyon zuit nan anbouchi
Pak Rivyè Hudson lan epi pou yo retabli pi gran resif ki nan vil la nan Pak
Soundview nan Rivyè Bronx la***

***Nouvo pwojè yo fè pati inisyativ ki bat rekò Eta a pran yo pou retabli fwidmè, ki
amelyore kalite dlo a, ogmante lavi nan lanmè a epi favorize rezistans kòt la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li pral prezante nan Diskou sou Eta Leta 2020 li an yon inisyativ dinamik ki pami sa ki nan tèt yo nan nasyon an pou repeple epi retabli abita nan dlo yo toupatou nan eta a. Gouvènè a te bay yon apèsi sou pwogram nan - yo rele li Inisyativ "Ranime Manman Lanati" (Revive Mother Nature) - nan yon evènman nan Pak Rivyè Hudson lan nan Vil New York lè yo te lage kaj 275 liv plen avèk plizyè milye jèn fwidmè pou ede retabli yon ekta edmi rezèv ki nan anbouchi ki bò pak la, pami premye yo nan plizyè milyon zuit yo pral reyentwodui.

"Nou pral dekri an detay nouvo inisyativ nou an pou retabli abita nan dlo a ki gen ladan gwo efò retablisman pwason ak zuit nan Diskou sou Eta Leta a an Janvyè e se premye fwa nan peyi an ap gen yon pwogram eta ki enèjik ak pwogresis konsa", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Si n ap tann pou se gouvènman federal la ki pou pran devan se manti n ap bay tèt nou - New York ap aji kounye a pou pwoteje anviwònman nou an epi pran swen resous natirèl nou yo."

Nouvo pwogram nan pral pwoteje epi retabli tè mouye yo ak vwa navigab yo epi li gen ladan gwo investisman nan 12 elvaj pwason ki nan New York yo pou ogmante popilasyon pwason-jibye ki genyen nan eta a tankou pwason dore jòn, twit, ak somon epi retabli zuit nan Pò New York la sou dis lane k ap vini yo epi double inisyativ fwidmè ki genyen kounye a nan Long Island. Ap gen yon eleman edikasyon pou garanti vizitè yo rekonèt New York kòm destinasyon klas mondyal pou lapèch. Lè nou retabli abita nan dlo eta a sa pral ede kominote yo ogmante rezistans yo tou devan chanjman klimatik ak kondisyon meteyo vyolan.

Pou soutni Plan Jesyon Rezè v nan Abouchi Pak Rivyè Hudson lan (Hudson River Park's Estuarine Sanctuary Management Plan) ak gran isinyastiv eta a pou retabli fwidmè, Gouvènè a te anonse tou gen 2.8 milyon dola finansman pou retabli abita lanmè a nan Pò New York la epi pou soutni efò eta a ap fè yo pou li kontinye pwospere epi pou agrandi resif Pak Soundview an nan Rivyè Bronx la.

Anons jodi a gen ladan 1.5 milyon dola an fon pou depans kapital pou ede kreye apeprè yon ekta edmi pi bon abita pou ant 5 ak 10 milyon zuit nan Rezè v nan Abouchi Pak Rivyè Hudson lan. Lòt amelyorasyon nan abita k ap fèt pi devan gen dwa gen ladan yo enstalasyon resif won, panye metal menm jan ak panye Gouvènè a te deplwaye jodi a, ak pil kokiyaj resikle pou kreye koridò abita nan mitan pilye yo, epitou kouvri pye pon yo avèk beton ekolojik, twal metalik, ak kaj elvaj ki gen semans zuit. Pak la se deja pi gran enstalasyon kaj zuit nan Vil New York. Anplis de sa, Pak la teste separeman 12 anvlòp zuit toutotou pye pon ki nan chan 32 pye pon Pilye Pak la. Pwofesè yo, elèv yo, ak kominote a ap ede kontwole 15 pòs rechèch sou zuit ki nan dlo Pak la.

"Nou pran angajman retabli abita nan lanmè ak nan dlo dous yo nan New York nan kad efò nou yo pou amelyore ak pwoteje kalite dlo a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Inisyativ sa a ki nan tèt nan nasyon an pral ede garanti kalite alontèm tè mouye yo ak vwa navigab yo epi ogmante polilasyon pwason dlo dous yo. Lè nou retabli abita nan dlo yo nan eta a sa ale avèk bi nou an pou nou ogmante rezistans, lite kont chanjman klimatik, epi fè New York vanse kòm yon destinasyon klas mondyal pou lapèch ak touris."

Gras a gwo investisman ki gen ladan yo 50 milyon dola nan bidjè eta 2018-19 la, Pak Rivyè Hudson lan transfòme bò lwès Manhattan epi bay piblik la plis aksè a bann resous natirèl ki genyen bò dlo a. Pak la, ki se pak bò rivyè ki pi long nan peyi a, gen yon Rezè v nan Abouchi 162 ekta ki gen soutyen yon plan jesyon ki gen plizyè fasèt pou prezève ak amelyore abita nan dlo li an epi favorize sansibilizasyon ak pwoteksyon anviwònman abouchi an pou plizyè milyon Nouyòkè k ap jwi li yo chak ane. Eta New York kontinye ap travay avèk Fon pou Pak Rivyè Hudson lan (Hudson River Park Trust) ak kolaboratè li yo pou garanti Plan Jesyon Rezè v nan Abouchi an konplè epi rezè v nan lanmè an jwenn pwoteksyon. Y ap mete plan jesyon an ajou kounye a pou reflete gwo pwogrè k ap fèt avèk inisyativ tankou pwogram pou retabli fwidmè yo ak bi final li an ki se simen plizyè milyon lòt zuit nan 20 ekta rezè v la disi 2030.

Anplis de sa, gen apeprè 1.4 milyon dola nan Fon pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) eta a ki pral soutni retablisman abita zuit Pwojè Milya Zuit la (Billion Oyster Project, BOP), nan Pak Soundview nan bouch Rivyè Bronx la. Resif ki la kounye a, ki se pi gran ki genyen nan Vil New York, ap vin mezire de ekta lè li fini nèt. Li pral ofri avantaj enpòtan pou anviwònman an tankou filtraj jiska 30 milyon galon dlo pa jou epi ofri gran rezistans kont tanpèt pou zòn nan. Nouvo fwidmè yo pral deplwaye yo pral al jwenn 30 milyon zuit Pwojè Milya Zuit la deja simen toupatou nan distrik maritim lan jiskaprezan, sa gen ladan nan [Pon Governor Mario M. Cuomo](#) a. Deja, zuit sa yo ede filtre prèske 20 trilyon galon dlo, retire 72,500 liv azòt pou amelyore kalite jeneral dlo a anpil, epi resikle 1.3 milyon liv kokiyaj pou redwi dechè epi soutni kwasans nouvo zuit.

Pwojè Soundview an sou direksyon yon konsòsyòm kolaboratè, pami yo Fondasyon Pò New York la (New York Harbor Foundation), Lekòl Pò New York la (New York Harbor School), Pwojè Milya Zuit la, Fondasyon Rivyè Hudson lan (Hudson River Foundation), Santinèl New York/New Jersey a (NY/NJ Baykeeper), Rocking the Boat, Pak Vil New York yo (NYC Parks), ak Alyans pou Rivyè Bronx la (Bronx River Alliance). Anplis de sa, pwojè a ofri okazyon san parèy pou lekòl ki nan zòn nan ak kominote a patisipe nan aktivite syans sitwayen pratik bon toutbon ki santre sou retabli zuit yo epi ki pral fèt pandan senk ane k ap vini yo. Non sèlman pwogram sa a gen posibilite pou l entwodui plizyè milye elèv a anviwònman nan lanmè lokal la yon fason konkrè, li pral kreye pakou k ap mennen nan karyè satisfèzan ki peye byen nan syans lanmè, teknik lanmè ak enjeniri maritim.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation) Basil Seggos te deklare, "Dlo yo nan New York plen lavi nan jan nou pa t wè depi plizyè dizèn lane, an gran pati poutèt investisman saj ak inovatè nan anviwònman an Gouvènè Cuomo ak anpil kolaboratè nou yo fè nan pwogram tankou sa n ap soutni yo jodi a. Retabli vwa navigab yo ak tè mouye yo nan New York avèk pwason ak zuit se yon fason efikas pou ofri kominote yo toupatou nan eta a avantaj eksepsyonèl yo yon popilasyon pwason ak fwidmè an sante kapab ofri, depi nan filtre salte sòti nan dlo nou yo, rive nan ofri plis rezistans toutbon kont konsekans negatif tanpèt kotye yo".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare. "Retabli abita nan dlo nou yo pi enpòtan pase jan sa te janm ye epi gras a Gouvènè Cuomo sa ap resevwa plis rekonesans piblik. Pak eta yo ak lye istorik yo ofri abita pou anpil nan plant, zannimo ak espès presye ak divès ki genyen yo toupatou nan Empire State la. Lè nou retabli pwosesis natirèl sa yo sa rann pak nou yo ak kominote nou yo sèvis enpòtan pou anviwònman an. Li enpòtan pou nou pwoteje resous divès sa yo, pou yo kapab kontinye ofri ekosistèm nan kontribisyon presye sa a".

Finansman sa a ak deplwaman zuit yo se dènye eleman yo nan efò nesesè eta a pou li retabli fwidmè pou retabli abita nan lanmè a, amelyore kalite dlo a, ogmante rezistans kòt la, epi soutni ekonomi lokal yo. [Pwojè 10.4 milyon dola Gouvènè a pou Retabli Fwidmè nan Long Island \(Long Island Shellfish Restoration Project, LISRP\)](#) ap egzekite kounye a tou pou tabli senk rezèv fwidmè plen avèk jiska 179 milyon fwidmè yo elve ak peche lokalman, fwidmè jèn ak granmoun. LISRP a sou direksyon DEC an kolaborasyon avèk Sèvis Vilgarizasyon Koperatif Cornell la (Cornell Cooperative Extension), Stony Brook University, minisipalite yo ak òganizasyon benevòl yo epi li deja fè gwo pwogrè nan simen plizyè milyon paloud ak zuit jèn ak granmoun nan youn nan rezèv fwidmè yo nan Long Island. Y ap travay pou amelyore kalite dlo a, redui florezon alg nuizib, retabli popilasyon fwidmè natif natal yo, ogmante divèsite biyolojik la, epi ranfòse rezistans nan kominote kotye yo. Anplis de sa, nan kad [inisyativ Vital Brooklyn Gouvènè a](#), gen 200,000 dola finansman eta k ap ede elaji kourikoulòm eskolè BOP a, epi konsa bay jèn ki gen risk yo okazyon aprann sou rivaj ak efò yo pou retabli abita nan Jamaica Bay epi montre plis pase 9,500 elèv retablisman abita zuit yo ak Pwojè Brizlam Vivan Staten Island lan (Staten Island Living Breakwaters Project).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)